



Depi nan laj 1 jou depase laj 100 (san) tan, tout moun konte.

Jou Resansman se Premye (1er) Avril 2020

Asire ke kominote nou an resevwa pati li merite nan fon federal yo ak nan reprezantasyon nan Kongrè a

Resansman an sèvi kòm baz pou distribiye plis ke \$675 milya dola finansman federal pou lekòl yo, lopital yo, depatman ponpye, wout, edikasyon pou jèn timoun, ak pwogram sante, ak plis ankò.



Li enpòtan: Resansman an ede detèmine ki kote pou konstwi nouvo lekòl yo, lopital yo ak biznis yo, distribisyon dola federal yo ak kouman plas yo distribiye nan Kongrè a.



Li konfidansyèl: Lalwa federal pwoteje repons ou yo. Okenn otorite legal pap gin aksè pou we oswa itilize enfòmasyon pèsònèl ou.*



Li fasil: Nan mwa Mas 2020, ou pral resevwa yon envitasyon ki soti nan Biwo Resansman an pa lapòs. Pou la premye fwa, ou pral kapab reponn sou entènèt. Moun ki vle, kapab reponn pa telefòn oswa pa lapòs. Ale sou sit www.2020census.gov pou aprann plis epi pou reponn pou lakay ou nan dat 1er Avril 2020.

Se United Way nan Miami-Dade ki te prepare enfòmasyon sa yo an patenarya ak The Children's Movement of Florida, The Children's Trust, ak Early Learning Coalition of Miami-Dade/Monroe. Pou plis enfòmasyon vizite sit unitedwaymiami.org/2020census.



*Li kont lalwa pou Biwo Resansman an divulge oswa pibliye nenpòt enfòmasyon ki idantifye oumenm oswa lakay ou. Okenn ajans gouvènman oswa tribinal pa kapab itilize enfòmasyon sa yo kont ou menm. (Biwo resansman 2019)